

## **Konnen Dwa W:** Kalifikasyon Benefisyè Azil Imanitè pou Lisans Chofè ak Pyès Didantite Indiana Apre desizyon nan Pwosè St-Hilaire a

**Dènye Revizyon:** 26 janvye 2024

**Rezime:** Moun ki rezide nan Indiana yo akòde pwoteksyon imanitè, yo rele kòm libète imanitè, ka kalifye pou lisans chofè Indiana ak kat idantite eta a, apre dènye desizyon yon tribinal federal te pran nan yon pwosè, *St-Hilaire kont Komisè Biwo Veyikil ki Gen Motè*. Desizyon an entèdi Indiana refize bay benefisyè imanitè yo lisans ak kat idantite selon peyi kote yo soti.

### **Kisa Pwosè *St-Hilaire a ye?***

Nan mwa Out 2023, senk moun ki rezide nan Indiana ki soti Ayiti, American Civil Liberties Union of Indiana ak National Immigration Law Center ("NILC") te reprezante, te depoze yon plent nan tribinal ki akize Indiana Bureau of Motor Vehicles ("BMV") dèske li te refize ba yo lisans ak kat idantite ilegalman akoz peyi kote yo soti. Plent lan te deklare diskriminasyon sa a vyole lwa sou dwa sivil federal yo ak Konstitisyon peyi Etazini.

Pwosè a konteste yon lwa Indiana ki te antre an vigè nan mwa me 2023, ki te elaji aksè ak lisans chofè ak kat idantite pou moun yo te akòde libète imanitè—*men sèlman benefisyè libète imanitè ki te soti lkrèn pandan yon sèten peryòd*. Biwo Veyikil ki Gen Motè (Bureau of Motor Vehicles, BMV) te bay lisans ak kat idantite pou lkrenyen yo akòde libète imanitè yo, men yo pa bay lòt moun ki gen libète imanitè ki soti nan lòt peyi, tankou Kiba, Ayiti, Nikaragwa ak Venezyela yo.

### **Nan dat 11 janvye 2024, yon jij federal te deside Indiana pa ka refize bay lisans chofè ak kat idantite eta bay moun yo akòde libète imanitè dapre peyi kote yo soti.**

Tribinal la te di Indiana pa ka defini "libète imanitè" pou l gen ladan sèlman sèten lkrenyen. Olye sa a, li dwe gen ladan tout moun gouvènman federal la akòde libète imanitè. Tribinal la te mande Indiana pou li **respekte** lòd li te bay la **touswit**.

### **Mwen te jwenn libète imanitè pou mwen antre Ozetazini epi m ap viv nan Indiana. Kisa sa a vle di pou mwen?**

Desizyon tribinal la vle di ou ka kalifye pou yon lisans chofè oswa yon kat idantite eta a si libète imanitè w la pa ekspire epi ou ranpli lòt kondisyon ki pi ba yo.

- **Prèv rezidans Indiana.** Egz. fakti sèvis piblik, deklarasyon avantaj piblik, souch chèk.
- **Prèv idantite.** Egz. Kat Otorizasyon Travay.
- **Prèv libète imanitè.** Egz. so sou paspò, Fòm I-94.
- **Nimewo sekirite sosyal.** Egz. Kat Sekirite Sosyal, Fòm W-2, souch chèk.

Epitou kandida pou lisans yo dwe pran yon tès alekri, tès kondwi, epi nan kèk ka, yo dwe aplike pou yon pèmi pou aprann anvan sa a. Pou plis enfòmasyon sou kondisyon yo, tanpri ale sou sit entènèt BMV a: <https://www.in.gov/bmv/licenses-permits-ids/real-id-overview/>.

**Si w kwè yo refize ba w yon lisans Indiana oswa yon kat idantite eta nan yon fason ki se yon vyolasyon dwa w, tanpri voye yon imel bay NILC nan [HEA1050@nilc.org](mailto:HEA1050@nilc.org) oswa rele liy asistans jeneral nou an nan nimewo 213-639-3900.**

### **Kisa libète imanitè a ye?**

Libète imanitè se yon fòm pèmasyon tanporè pou antre Ozetazini. Gouvènman federal la bay libète imanitè selon chak ka apa pou sèten rezon imanitè oswa avantaj piblik. Yon so libète imanitè sou yon fòm antre/sòti (Fòm I-94) oswa sou yon paspò kapab sèvi kòm prèv pou libète imanitè a.